

RÉEWUM SENEGAAL
Wenn askan – Benn jëmu – Genn ngëm

NJËWRIÑ JI YORE MBAY MI

KURÉL BIY GËSTU CI MBAY MI CI RÉEWUM SENEGAAL (ISRA)

SÀNTAR BIY GËSTU CI MBAY MI CI BIIR RÉEW MI (CNRA)

**TÉÉRÉ JÀNGALEKATU XARALA BU
«NDEÑCIINUM ÑEBBE MU AMUL POSEN CI
ÑETTI SAAKU YU ÑU SOLANTE»**

Ki défarat tééré bi, tekki ci wolof : Doktoor Ibraayima SAAR

Ki jubbanti mbindu wolof bi: Sëriñ NDUUR

Baambey, Suweñ 2010

Li tééré bi ëmb

| | | |
|------------|---|-----------|
| I | SOLOS ÑEBBE CI KOOM-KOOM U AFRIK SOWU-JANT, CI RÉEW YI FÉÉTÉ CI DIGG AFRIK AK JAFE-JAFE YI | 4 |
| 1.1 | Solos ñebbe | 4 |
| 1.2 | JAFE-JAFE YI YÉKKATI POROSE «PICS»..... | 5 |
| II | XAMLE POROSE « PICS » | 6 |
| 2.1 | ÑI SÉQ POROSE « PICS » | 6 |
| 2.2 | LIMUB DĚKK YI POROSE «PICS » YEGG CI ATUM 2007 AK 2008..... | 6 |
| 2.3 | LIMU DĚKK YI POROSE «PICS » BĚGG A YEGG DIGGANTE 2007 AK 2012 | 7 |
| 2.4 | Mébëtu POROSE «PICS» bi..... | 7 |
| 2.5 | Yéeney POROSE «PICS» bi | 7 |
| III | GĚSTU YI LAL XARALA « 3 SAAKU YI ÑU SOLANTE » | 7 |
| 3.1 | Démbu Xarala bi - Fi mu soqee koo | 7 |
| 3.2 | Li lal xarala bi | 8 |
| 3.2.1 | Gëstu xarala bi | 8 |
| 3.2.2 | Liñu defaree saaku "PICS" yi..... | 9 |
| 3.2.3 | Xeeti saaku "PICS" yi am ci ja bi..... | 10 |
| IV | DUNDU GUNÓOR YI AK NDENCUM ÑEBBE JI | 10 |
| 4.1 | Màndarga gunóoru ñebbe bi tudd « bruche » | 10 |
| 4.2 | Xeeti gunóor "bruchidae" yi ak doomi gàncax yi ñuy lekk..... | 11 |
| 4.3 | Xeeti gunóor "callosobruchus maculatus" yiy yàq ñebbe ji..... | 11 |
| 4.4 | Ni sax yiy màgge ba bañuy mat | 11 |
| 4.5 | Ñebbe ji ca tool ba la ko gunóor yi di duggée..... | 12 |
| V | KAYIT WI TĚNK XARALAG « ÑETTI SAAKU YI ÑU SOLANTE » | 13 |
| 5.1 | Dundu gunóoru ñebbe bi - Callosobruchus maculatus..... | 13 |
| 5.2 | TĚNK XARALAG « ÑETTI SAAKU YI ÑU SOLANTE » | 13 |
| 5.3 | Liñu war a moytu | 14 |
| 5.4 | Liñu diglé..... | 14 |
| 5.4.1 | Weer ñebbe ji ak xool saaku yi..... | 14 |
| 5.4.2 | Niñuy leme saaku yi | 15 |
| 5.4.3 | Niñuy solee ñebbe ji ak génnee ngelaw li balaa ñuy takk saaku yi | 15 |
| 5.4.4 | TĚnku pàcci xarala bi ngir « Yombalkatu njàng mi »..... | 17 |
| VI | NJARIÑU DEŃC ÑEBBE..... | 17 |
| 6.1 | Liñu ci jublu | 17 |
| 6.2 | Xaalis bi ñuy def ci ndencum ñebbe ak njariñ yi muy jur..... | 17 |
| 6.3 | Ni njëgu ñebbe ji di soppeekoo ci réewi afrik sowu-jant ak réew yi féeté ci digg Afrik | 18 |
| 6.4 | Waññeekug njëgu ñebbe ji ci sababu bënn-bënn yi ci gunóor yi def | 18 |
| 6.5 | Xayma gu yomb guy leeral li ñu ciy ñàkk walla amko ci..... | 19 |
| 6.5 | Li ciy njariñu baykat yi..... | 20 |
| VII | NAKA LAÑUY YOMBALEE NJÀNG MI AK YAN RĚCC-RĚCC LAÑU WAR A MOYTU..... | 20 |
| 7.1 | Yombalkatu njàng mi..... | 20 |
| 7.2 | Li wuutale yombalum njàng ak jàngale | 20 |

| | | |
|-------|---|----|
| 7.3 | Li war yombalkat bi | 21 |
| 7.4 | Sàrt yi yombalkat bi war di ténku | 21 |
| 7.5.1 | Jikkó yi ñuy séentu ci yobaalkat bi | 21 |
| 7.6 | Ni ñuy dëgëraalé digganté yombalkat bi ak wayjàng yi | 21 |
| 7.7 | Liñu wara dajale ba njàng mi jaar yoon | 22 |
| 7.8 | Balaa ñuy tàmbali wone bi | 22 |
| 7.9 | Ci woné bi | 22 |
| 7.10 | Topp ak natt | 22 |
| 7.11 | Fànn yu am solo te ñu war cee bàyyi xel, ci ñii di gëstu ak liggéey ci nit ñi | 22 |
| 7.12 | Bàyyi xel ci jigéen ñi ak ndaw ñi ci « POROSE PICS » | 23 |
| VIII | : XËT YI ÑUY BINDEE XIBAAR YI | 24 |
| 8.1 | Xët wiñuy jélée xibaar yi ci dëkk bu nekk | 24 |
| 8.2 | Xibaar yi ci wone xarala bi | 24 |
| 8.3 | Turi baykat yi ñu tànn | 24 |
| 8.4 | Seetsi ngir topp ak natt | 25 |
| 8.5 | Xibaar ci ubbité saaku yi ak ci xarala bi | 26 |

I SOLOS ÑEBBE CI KOOM-KOOM U AFRIK SOWU-JANT, CI RÉEW YI FÉÉTÉ CI DIGG AFRIK AK JAFE-JAFE YI

1.1 Solos ñebbe

Gàncax gi ñuy wax ñebbe di ab « legiminëes » maanaam day defar tos walla àngare awale ko ci reen yi, dafa am solo ndax fu bare lañu koy jëfëndikóo :

- **Ngir Baykat yi:**

- mbayum ñebbe dafa bokk ci mbay yi gën a nangu fii ci Afrik sowu-jant ak ci réew yi féeté ci digg Afrik donte sax anam yi ñu koy bayee yombul ;
- dañuy jëfëndikóo xob yi ak bant yi (lépp la jur yi di lekk)
- doomi ñebbe yi nit ñi dañu koy lekk
- njaayum ñebbe ngir am xaalis lu am solo la ci Baykat yi

Ci liñuy jëfëndikóo ñebbe itam bokk na ci:

- toggu cosaan (ndambe, akara, beñe a.ñ.s (ak ñoom seen)
- Gën a baaxal lekku way-jëfëndikóo yi ci taax yi ak ci dëkk-dëkkaan yi

Fànnu "eeformel" bi maanaam ñiy liggéey ngir seen bopp:


- Ñebbe ji am na solo lool ci koom-koom bi
- Xeeti ñam yi ñuy defar ci ñebbe am na solo ndax jigéen ñi dañu ciy am xaalis



Mbay mi ak njaay mi

Ci 3 milyoŋ ak 700 junniy ton yi ñuy bay ci àdduna bi yépp at mu nekk, 70 ci tééméer bu nekk ñungi koy bayee ci Afrik Sowu-Jant ak réew yi féeté ci digg Afrik. Réew yii, lii lañu ciy indi : Niseryaa 66%, Niseer 14%, Burkinaa Faaso 6%, Bene ak Mali ku ci nekk 3%, Gana ak Kamérun ku ci nekk 2%, Senegaal ak Móritani ak Tógó ku ci nekk 1%.

Njaayum ñebbe diggante réew yi yéeg na ba ci 300 000 Ton ci atum 1990.



Njariñu Ñebbe


Njariñu Ñebbe bari na :

- Am na 23% ci ñam wi ñuy wax « póróteyin » te ñukoy faral di gis ci yàpp
- Ngooñ mi baax na ci jur yi
- Ñebbe ji day tos suuf si ñukoy bayee
- Jigéen ñi dañu koy defar di ci yokk seen koom
- Ñebbe ji day tax am-amu baykat yi yokku te koom-koomu réew yi koy jaay itam yokku....

1.2 JAFE-JAFE YI YÉKKATI POROSE «PICS»

Solo si ñebbe ji am ci xeexum xiif ak ndóol fi ci Afrik terewul muy jànkonteek i jafe-jafe yu bari. Bokk na ca :

- gunóor yi ñuy wax « bruche - *Callosobruchus maculatus* » teñuy yàq ñebbe ji yàq gu jéggi dayo ;
- ci diiru 6 weer rekk, su fekkee ni ndenciin wi ñoñul, ñebbe ji yépp mën na yàqu ndax ful bu gaaw bi gunóor yi mën a fulu. Ndenciin wu ñoñ nak war na fexe ba dindi ngelaw li ngir gunóor yi ak sax yi nekk ci biir dencukaay yi dootuñu mën a noyyi, su ko defee ñu daldi dee ;
- njégu ñebbe ji suñuy door a witt ci weeru Octoobar jëm nowàmbar du baax te soo ko dencee lu tollu ci 4 jàpp 6 weer, njég bi fulu ñaari yoon.



II XAMLE POROSE « PICS »

2.1 ÑI SÉQ POROSE « PICS»

Ñu baree ko séq :

- « Fondasiyon Bil ak Melindaa Geyit biy dugël ay yoxoom ci :
 - ubbéeku ja yi ngir saafara jafe-jafey mbay mi te ñebbe ji bokk ci
 - Fexe ba ñépp ñiy yèngu ci ñebbe ji lékkélóo rawatina baykat yu néew doole yi. Maanaam fexe ba ci càllalag ñépp ñiy yèngu ci ñebbe ji (jaaykatu jiwu wi, baykat bi, defarkatu saaku yi, way-jëfëndikóo ñebbe ji ...), fu ci waay tollu am ci koom mi.
- Univeristé Purduwu, KADEK, ISRAA, Yénén « ONG », Kër yiy jàngal aka xelal baykat yi, Baykat yi ak séeni mbootaay, « ONG saafara yu tukkée ciy xarala » ...

2.2 LIMUB DÈKK YI POROSE «PICS » YEGG CI ATUM 2007 AK 2008



2.3 LIMU DĚKK YI POROSE «PICS» BĚGG A YEGG DIGGANTE 2007 AK 2012



2.4 Mébëtu POROSE «PICS» bi

Fii ak 5 at, bëgg nañu genn-wällu ñebbe ji ñuy bay te diko denc, ñu koy denc ci « ñetti saaku yi ñu solante » ñukoy wax « triple ensachage ».

2.5 Yéénéy POROSE «PICS» bi

- Wesaare xarala bi ci 28 000 dëkk yu nekk ci 10 réewi Afrik ci diirub 5 at
- Wesaare xarala « ñetti saaku yi ñu solante » jaarale ko ci:
 - di wone xarala bi ci dëkk yi ;
 - di ci yee nit ñi ci èttu yëglékaay yi mel ni rajo yi ;
- Fexe ba defar ak njaayum saaku yi yomb te sax (ci diggante jaaykat yu mag yi, yu ndaw yi ak baykat yi) ;
- Fexe ba baykat yi ak jaaykat yi def xarala bi seen yéfi bopp ;
- Yokk am-amu baykat yu néew doole yi;
- Yokk baaxaayu ñebbe ji ñuy jaay.

III GĚSTU YI LAL XARALA « 3 SAAKU YI ÑU SOLANTE »

3.1 Démbu Xarala bi - Fi mu soqee koo

Xarala gaa ngi sosu booba ak léegi tolluna ci 20 at ci réewum Kamérun te gëstukat bu xereñ bu ñuy wax "Porofesëer" Lari Murdok (Larry Murdock) indi ko moom ak gëstukat ya mu daan àndal ci POROSE suqali ñebbe (CRSP-USAID)



3.2 Li lal xarala bi

3.2.1 Gëstu xarala bi

Gëstu bi dafa wone ni :


- Gunóor yi dañuy soxla ngelaw lu tax ñuy dundu di màgg ;
- Xarala bi ñuy digle dafa war a yomb ci baykat yi te bañ a am ngañ ci nit ñi, ci jur yi ak ci wurum bi (maanaam liñu wër)
- sóoraale juntukaay yi am ci gox bi ak yiñu daan jëfëndikóo
- gëstukat yuy sooraalé li baykat yi daan def
- Xam-xam bi ñu am ci jëfëdinkóo dencukay yiñuy tëj ba ngelaw du jáll pexe mu baax la (xàndi)

Dencukaay buñu tëjul



Dencukaay buñu tëj – «Saaku PICS »





Fan yi


Xarala bi dafay tax ba weccate ngelaw li nekk ci saaku yi ak ci biti waññeeku bu baax. Gunóor yi dañuy jëfëndikóo ngelaw O₂ (bu baax bi) te tuuti desoon ci biir saaku yi tey génné CO₂ (ngelaw bu bon bi – di tukké ci nokki mala yi ak yénén) mu leen di mujj faat. Loolu moy waññi yàq-yàq gunóor yi.

3.2.2 Liñu defaree saaku "PICS" yi

Biti saaku bi "poliporopiléen" la

Saaku bi ci digg bi "HDPE80µ" la

Saaku bi féeeté ci biir "HDPE80µ" la



3.2.3 Xeeti saaku "PICS" yi am ci ja bi



Saaku 50kilo yiñu défar 2007 Saaku 100kilo yiñu défar 2008

IV DUNDU GUNÓOR YI AK NDENCUM ÑEBBE JI

4.1 Màndarga gunóoru ñebbe bi tudd « bruche »




Gunóor bu ndaw la, ñukoy wax «kolewopter» maanaam laaf yi féeté ci kaw te dëgër ñukoy wax « éliitër (élytre) », laaf yooyu muuruñu ginnaaw gi yépp. Gunóor yiy yàq ñebbe ji, ñaari xeet ñoonu ci gën a soxal :

- yidul naaw (« normal »)
- yiy naaw ci àll bi.


4.2 Xeeti gunóor "bruchidae" yi ak doomi gàncax yi ñuy lekk

| Xeeti gunóor yi | Doomu gàncax yi gunóor yi di lekk |
|------------------------------------|--|
| <i>Callosobruchus maculatus</i> | Ñebbe |
| <i>Bruchidius atrolineatus</i> | Ñebbe |
| <i>Callosobruchus subinnotatus</i> | Gajanga (voandzou) – <i>Voandzou subterranea</i> |
| <i>Acanthoscelides obtectus</i> | Arikóo (<i>Phaseolus</i>) |
| <i>Caryedon serratus</i> | Gerte |

4.3 Xeeti gunóor "callosobruchus maculatus" yiy yàq ñebbe ji




- Gunóor "*c. maculatus*" yu "normaal" yiy yàq ñebbe ji ñu denc
- Seen njur **dafa gaaw**



- Gunóor "*c. maculatus*" biy naaw tey nekk ci àll bi
- Seen njur **am na gapp**

4.4 Ni sax yiy mägge ba bañuy mat



Gunóor bu jigéen bu nekk mën naa nen lu tollu ci 50 jàpp 100 nen, su tojee aw ci 4 dayoy sax, sax bi leen def 5 di bu mat bi. Seen diiru màggaay tolluna ci 20 jàpp 32 fan, wànte lépp nak a ngi aju ci anam yi ñuy dundée.

4.5 Ñebbe ji ca tool ba la ko gunóor yi di duggée

Ñebbe ji ca tool ba la ko gunóor yi di wàlle. Ca waxtu wañuy wittee sëb ya lañuy nen ci seen kaw. Suñu wittee sëb ci ba bojj ko, ñebbe ji day rafet melni dara jotuko te fekk am na ay nen ak saxi gunóoru ñebbe yu tuuti. Gëstukat yu bari xamle nañu ne liy saxe mingi tollu ci 3 jàpp 5%. Sunu ko dencee ay weer, te ndenciin wa baaxul, gunóor yi mën nañoo fulu bu baax ba yàq lépp.




Ñebbe ju ñuy door a bojj, li ci saxe tollu ci 3 jàpp 5%




Ñebbe ju ñu denc 5 jàpp 6 weer, te ndenciin wa ñonjul, li ci saxe tollu ci 80 jàpp 100%

V KAYIT WI TËNK XARALAG « ÑETTI SAAKU YI ÑU SOLANTE »

5.1 Dundu gunóoru ñebbe bi - *Callosobruchus maculatus*




5.2 TËNK XARALAG « ÑETTI SAAKU YI ÑU SOLANTE »



- 1 - Róofaleel ñetti saaku yu amul benn bënn-bënn
- 2 - Sottil ñebbe ju wow ji ci saaku bi te wàññi ngelaw li ci nekk
- 3 - Takkal saaku yi ba ñu dëgër


5.3 Liñu war a moytu



- 1 – Bañ a jëfëndikóo saaku bu am bënn-bënn doonte sax bu tuuti la
- 2 – Bañ a jëfëndikóo benn saaku kese
- 3 – Bañ a jëfëndikóo ñaari saaku kese


5.4 Liñu diglé

5.4.1 Weer ñebbe ji ak xool saaku yi



- 1 – Weer ñebbe ji ci naaj wi ba mu wow konj
- 2 – xool saaku yi ba mu wóor ni amuñu benn bënn-bënn


5.4.2 Niñuy lemee saaku yi



- 3 - Lemal catu saaku bi féeté kaw (a)
- 4 - Dugalal ñaareelu saaku bi (b) te lem cat li féeté kaw (c)
- 5 - Dugalal ñetteelu saaku bi (d) te lem cat li féeté kaw (e)


Defal ndànk tamit ngir saaku yi bañ a xotteeku walla ñu bënn

5.4.3 Niñuy solee ñebbe ji ak génnee ngelaw li balaa ñuy takk saaku yi



- 6- Solal ñebbe ji ci saaku yi (f) te di leen yëngal ngir génnee ngelaw li ci biir (g)
- 7- Bu saaku yi fees dell, bàyyi ci cat bu ñuko mëna takké ba mu dëgër (h)
- 8- Woñal cat i saaku yi tey yëngal saaku bi ngir génnee ngelaw li (i)

Tééré Yombalkat bi




9- Bésal saaku bu jëkk bi ngir génné ngelaw li des ci biir (a) te yeew ko ak buum walla lastik ba mu dëgër (b)

10- Wiñaaral li des ci cat saako bi bu baax (d)

11- Lemal cat li ñu wiñaar (e)

12- Takk ko bu dëgër ak buum walla lastik (f)


Ni nga takkee saaku bu jëkk bi ngay takkee ñaar yi ci des.



13 - Soo takkee saaku bu jëkk bi ba noppi (a), tërëlal cat li balaa ngay takk ñaareelu saaku bi (b)

14 - Defaatal noonu ak ñetteelu saaku bi (c)

5.4.4 Tënku pàcci xarala bi ngir « Yombalkatu njàng mi »



VI NJARIÑU DEÑC ÑEBBE

6.1 Liñu ci jublu

– Jox nit ki lu tax mu xam ndax ndeñcum ñebbe mën naa ful am-amu kikoy denc walla déet.

6.2 Xaalis bi ñuy def ci ndencum ñebbe ak njariñ yi muy jur

• Njariñ yi am ci ndencum ñebbe:

- jaay ci jamono bi njëgu ñebbe ji gënée
- am loo dundé su jamono naqaree

• Li ñuy ñàkk ci ndencum ñebbe :

- dencukaay bi
- Nit ñilay jàppale ci sol ak sotti walla sëf ak sippi bi
- li ñuy aaree ñebbe ji (Saaku yi)
- liy wàññee ku ci ñebbe ji sa dencukaay ba (te gunóor yi ak sëf beek sippi bi waral ko)
- li baykat yi mënoon a jëfëndikóo ci seen xaalis suñu jaayon ñebbe ji bañu ko wittee walla ñu bojj ko (« Coûts d’opportunité »)

6.3 Ni njëgu ñebbe ji di soppeekoo ci réewi afrik sowu-jant ak réew yi féeté ci digg Afrik

| Réew yi | Jamono ji | "Moyenne Des-Suweŋ (%) | "Moyenne Suweŋ-Des (%) |
|------------------|------------------------|------------------------|------------------------|
| Bëj-saalum Gana | Me 2000-Awriil 2002 | 10 | 30 |
| Bëj-gàннаar Gana | 1997-2000 | 15 | 12 |
| Mali | Okt.1999- Des.2001 | 44 | 30 |
| Niseryaa | Okt.1998 - Okt.2001 | 86 | 121 |
| Kamérun | 1997 - 2000 | 67 | 60 |
| Senegaal | Sanj.1998 - Des.2003 | 50 | 51 |
| Niseer | Awriil 2002 - Des.2005 | 28 | 34 |
| "Moyenne" lépp | | 41 | 48 |

6.4 Wàññeekug njëgu ñebbe ji ci sababu bënn-bënn yi ci gunóor yi def

| Réew yi | Ja yi | Li bënn-bënn bu nekk di wàññi ci njëg bi (%) |
|----------|------------|--|
| Kamérun | Maruwaa | 0,17 |
| Senegaal | Baambey | 1,5 |
| Senegaal | Tilléen | 2,30 |
| Gana | Bolgatanga | 1,20 |
| Gana | Akraa | 0,50 |

6.5 Xayma gu yomb guy leeral li ñu ciy ñakk walla amko ci

| Liñu soxal | Natt bu tollu ci | Njég bi / li ngay am / li ngay ñakk (dërëm-cfa) | Mbooleseen (dërëm-cfa) |
|---|-------------------------|--|-------------------------------|
| Ñebbe ji ñuy door a witt / bojj | 100 kiló | 20 | 100x20=2 000(1) |
| Ñebbe ji ñu denc 4 jàpp 6 weer mën na jar | 1 kiló | 40 | 1x40=40 |
| Tegandaay li soo dencoon ñebbe ji | 100 kiló | 40 | 100x40=4 000(2) |
| Njegu saaku yi ñu solante | 1 saaku | 200 | 1x200=200(3) |
| Am-am bu dañ fere ci ku jay ginnaaw 4 jàpp 6 weer | 100 kiló | - | (2)-(3)=3 800(4) |
| Yokkute bi denc bi indi ci 4 jàpp 6 weer yi | - | - | (4)-(1)= 1 800 |

| Liñu soxal | Natt bu tollu ci | Njég bi / li ngay am / li ngay ñakk (dërëm-cfa) | Mbooleseen (dërëm-cfa) |
|---|-------------------------|--|-------------------------------|
| Ñebbe ji ñuy door a witt / bojj | 200 kiló | 20 | 200x20=4 000(1) |
| Tegandaay li soo dencoon ñebbe ji | 200 kiló | 40 | 200x40=8 000(2) |
| Njegu saaku yi ñu solante | 2 saaku | 200 | 2x200=400(3) |
| Am-am bu dañ fere ci ku jay ginnaaw 4 jàpp 6 weer | 200 kiló | - | (2)-(3)=7 600(4) |
| Yokkute bi denc bi indi ci 4 jàpp 6 weer yi | - | - | (4)-(1)= 3 600 |

| Liñu soxal | Natt bu tollu ci | Njég bi / li ngay am / li ngay ñakk (dërëm-cfa) | Mbooleseen (dërëm-cfa) |
|---|-------------------------|--|-------------------------------|
| Ñebbe ji ñuy door a witt / bojj | 500 kiló | 20 | 500x20=10 000(1) |
| Tegandaay li soo dencoon ñebbe ji | 500 kiló | 40 | 200x40=20 000(2) |
| Njegu saaku yi ñu solante | 5 saaku | 200 | 5x200=1 000(3) |
| Am-am bu dañ fere ci ku jay ginnaaw 4 jàpp 6 weer | 500 kiló | - | (2)-(3)=19 000(4) |
| Yokkute bi denc bi indi ci 4 jàpp 6 weer yi | - | - | (4)-(1)= 9 000 |

6.5 Li ciy njariñu baykat yi



Am-am bu yokku ba tax baykat yi mën a :

- jënd luñu dundé
- Faju
- Matale seen i xew
- jënd jiwu, àngare, jur, xont, a.ñ.s.

VII NAKA LAÑUY YOMBALEE NJÀNG MI AK YAN RÈCC-RÈCC LAÑU WAR A MOYTU

7.1 Yombalkatu njàng mi

Yombalkat bi

- Dafay fexe ba nit ñi sawar ci njàng mi
- Dafay jàppale, di dimbale ak won nit ñi ngir ñu mën a jél dogal.
- Yombalkatu njàng moy kuy yamale la

Li ñu wax te mu am solo mooy : « Mag 20 lay jàpp ci 100 yu mu dégg, 40 lay jàpp ci 100 yu mu gis, 80 lay jàpp ci 100 yu mu def ba xamal ko boppam ».

7.2 Li wuutale yombalum njàng ak jàngale

YOMBALUM NJÀNG /

JÀNGALE

Waxtaan u weccante xalaat /Xam-xam

- Waxtaan / diisoo
- Fésal xalaat yi ñu junj
- Weccee ay xalaat
- Xalaat yi ci suuf lañuy jógé jëm ci kaw

Joxe xalaat / xam-xam

- Tuuti waxtaan
- Indi ay xalaat yu yees
- Joxe ndigal (amul diisoo)
- Xalaat yi ci kaw lañuy jógé wàcc ci suuf

7.3 Li war yombalkat bi

Dafa war

- Di leeral xalaat yi
- Di jàppalee
- Di dimbalee
- Di saytu waxtu wi
- Di gungé wayjàng yi te jox leen gëddë
- Di topp li ñuy def ba xam amul njuumte
- Di méngalé liñuy def ak tolluwaay yi ñuy jànkoondeel
- Di indi xalaat yu yees su ko laajee
- Di fexe ba ñépp bëgg njàng mi te di ci bokk
- Di natt li wayjàng yi di def
- Ràññee liñu mën a def ak ni ñu ko mën a defee

7.4 Sàrt yi yombalkat bi war di ténku

War na xam dayob xam-xamu nit ñi muy jàngal

- weg xalaatu nit ñi
- di dalal xelu nit ñi
- xam bu baax li muy jàngalé
- di sol col gu yiw
- bañ a xayadi tey def jëf ju yiw
- di xool nit ñi ci bët
- di sàmmoonteeke waxtu wi.

7.5.1 Jikkó yi ñuy séentu ci yobaalkat bi

War na : Mën a indi xalaat ak jëf yu yees, Mën a seetlu, Mën a déglu, Bañ a yàkkamti, Jàppandi, Bañ a am xaar-ma-yàlla ci nit ñi, Mën a muñ, mën a liggéey ak ñépp, Dégg làkku gox ba, Xam gox ba, Xam ni mbir yi di doxee te joxe firdé yi ci lu gaaw, Bañ a jëfëndikóo doole, a.ñ.s.

7.6 Ni ñuy dëgëraalé digganté yombalkat bi ak wayjàng yi

Dafa war :

- Di wax wax ju jub
- Fexe ba xeli nit ñi dal ba ñu mën na jublu ci njàng mi
- di ñaax wayjàng yi ngir ñépp bokk
- xam aada ak cosaanu nit ñi te weg leen
- doon ku jub tey ñëw waxtu
- di ñaax nit ñi ñuy weccante xalaat
- xam xarala « ordinaatëer » yi
- Xam liggéeyam te teg ko ci xam-xam bu wér

7.7 Liñu wara dajale ba njàng mi jaar yoon

- Wesaare xibaar ak weccee xalaat
- Waaj gu mucc ayib
- Juntukaay yu ñuy jàngalee
- Ni yombalkat biy doxantoo ci biir néegu jàngukay bi
- Ni ñuy defaree mbooloo yi
- Ni ñuy jëfëndikóo li wayjàng yi xam

7.8 Balaa ñuy tàmbali wone bi

- Seeti boroom dëkk ba ngir yéegal ko li tax POROSE bi jóg
- Jàpp bés ak màkkaan mi ñuy defee wone bi
- Xool ndax saaku yi am nañu
- fexe ba xam njëgu ñebbe ji
- di déglu xibaar yi ñuy wesaare ci rajo yi
- Wax ñi yëg, ñu yéegal xibaar yi ñeneen ñi
- Wesaare xibaar yi ci rajoy tundu wi te def ko ci làkku gox bi
- Boole ci tasum xibaar yi ay waxtaan yu ñuy def ak baykat yi

7.9 Ci woné bi

- Wone bi ci péñc mi lañu ko war a defee
- Wutal 5 nit yu ko nangoo def ci seen sagos bopp : 3 góor ak 2 jigéen lumu néew-néew
- Woneel ñebbe ji ku nekk indi
- Fexeel ba góor ñi ak jigéen ñi bokk
- Fàttalil nit ñi li lal xarala bi
- Yéegalal nit ñi fi ñu mën a amee saaku yi
- Solal saaku yi ba noppi wax ñi « walanteeru » ñu sol seen i saaku te takk ko.

7.10 Topp ak natt

- Waxtaani yeete jagleel ko baykat yi ci ndenciinum saaku yi
- Wesaare liñu taataanee ci tukkiy topp yi
- Fexe ba indi taskatu xibaar yi ci xumbté yi ñuy jagleel nattum xarala bi

7.11 Fànn yu am solo te ñu war cee bàyyi xel, ci ñii di gëstu ak liggéey ci nit ñi

- Daara ju kawé ji ñuy wax « Purduwu » ak li gën a bari ci “ONG” ak nguur yi dañu am sàrt yuy aar doomi aadama suñuy gëstu walla liggéey ci nit ñi

- Mo tax ci wone xalara ñetti saaku yi ñu solante ci “POROSE PICS” war nañu:
 - Sàmmonteeq cosaan ak aaday dëkk yi ñuy wonee xalara bi
 - Leeral li tax PICS jóg ba waa dëkk ba nangu ko laata ñuy tàmbali wone xalara bi
 - Wone xalara bi dañu koy def ci njekk ak waxtaan wu àndul ak jaay doole walla ñàkkal nit ki fayda walla tēkku waa dëkk ba.

7.12 Bàyyi xel ci jigéen ñi ak ndaw ñi ci « POROSE PICS »

“POROSE PICS” góor ñi ak jigéen ñi ñoo ko tax a jóg. Loolu moo waral ci wone xalara bi, fu ñu jelée 100 nit, jigéen ñi war nañu caa doon 30 gën caa néew. War nañoo bokk ci bépp liggéey bu ñu sumb ci fànn yii :

- Gëstu bi
- Tàggatum ñiy jàngale
- Xamle xalara bi
- Wone xalara bi

VIII XËT YI ÑUY BINDEE XIBAAR YI

8.1 Xët wiñuy jélée xibaar yi ci dëkk bu nekk

Turu wayxarala bi : _____

Kurél bi muy liggéeyé : _____

Turu yombalkat bi : _____

Telefonu yombalkat bi : _____

Turu dëkk bi : _____

Yéneen: _____

8.2 Xibaar yi ci wone xarala bi

Bésu waxtaanu yeete wi : _____

Limub jigéen ñi bokk ci waxtaanu yeete wi : _____

Njëgu ñebbe ji : _____

Limub góor ñi bokk ci waxtaanu yeete wi : _____

Bésu wone bi : _____

Limub jigéen ñi bokk ci wone bi : _____

Limub góor ñi bokk ci wone bi : _____

Njëgu ñebbe ji : _____

8.3 Turi baykat yi ñu tànn

1. _____

2. _____

3. _____

4. _____

5. _____

6. _____

Njëgu ñebbe ji ci waxtu wone bi / denc bi _____ FCFA/Dërëm

Seetlu yi : _____

8.4 Seetsi ngir topp ak natt

Bésu seetsi bu **jëkk** bi : _____

Njëgu ñebbe ji : _____

Liggéey bi ñu def : _____

Seetlu yi : _____

Bésu **ñaareelu** seetsi bi : _____

Njëgu ñebbe ji : _____

Liggéey bi ñu def : _____

Seetlu yi : _____

Bésu **ñetteelu** seetsi bi : _____

Njëgu ñebbe ji : _____

Liggéey bi ñu def : _____

Seetlu yi : _____

8.5 Xibaar ci ubbité saaku yi ak ci xarala bi

Bésu waxtaanu yeete wi ci ubbité saaku yi : _____

Limub jigéen ñi bokk ci waxtaanu yeete wi : _____

Limub góor ñi bokk ci waxtaanu yeete wi : _____

Njëgu ñebbe ji : _____

Seetlu yu aju ci xarala bi

Ñaata doomi ñebbe ñoo saaxé ci 100 yuñu jél :

1. _____

2. _____

3. _____

4. _____

5. _____

6. _____

Yeneen seetlu : _____

Njëgu ñebbe ji ci waxtuw ubbité saaku yi _____FCFA/Dërëm